



Kimoun ki ka kalifye pou Real Property Tax Credit (Kredi Taks pou Byen Imobilye)

Ou ka mande kredi sa a si ou ranpli **tout** nan kondisyon ki anba la yo:

- **revni anvan taks ki antre lakay** ou te \$18,000 oswa mwens;
- ou te abite nan menm **rezidans** la nan New York pandan sis mwa oswa piplis;
- ou te abite nan Eta New York pandan tout ane taks la;
- yo pa te ka deklare w kòm depandan sou deklarasyon taks federal yon lòt kontribiyab;
- yo pa te egzante rezidans ou nèt pou taks sou byen imobilye;
- valè aktyèl sou mache pou tout byen imobilye ou posede, tankou kay, garaj anvanm ak tè te \$85,000 oswa mwens; ak
- ou ranpli tout kondisyon ki site anba a **swa kòm Pwopriyetè Kay** oubyen kòm **Lokatè**.

Pwopriyetè Kay:

- Oumenm oswa mari/madanm ou **te peye taks sou byen imobilye**; epi
- nenpòt lwaye ou te touche pou yo itilize kay ou san se pa moun abite te 20% oswa mwens nan tout lwaye ou te touche.

Lokatè:

- Oumenm oswa yon **moun nan kay ou** te peye lwaye pou kay la; epi
- lwaye pa mwa an mwayèn ke oumenm ak lòt moun nan kay ou te peye te \$450 oswa mwens, san konte frè pou chofaj, gaz, kouran, mèb oswa lajan manje.

Ki montan kredi a?

- Si tout moun nan kay la gen mwenske 65 an, kredi a kapab jiska \$75.
- Si gen omwen yon moun nan kay ou ki gen 65 an oswa ki pi gran, kredi a kapab jiska \$375.
- Si kredi w lan piplis pase taks ou dwe, ou kapab mande yon ranbousman.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Form IT-214, *Claim for Real Property Tax Credit for Homeowners and Renters* (Fòm pou mande Kredi Taks pou Byen Imobilye pou Pwopriyetè kay ak Lokatè), anvanm ak eksplikasyon Fòm lan. Si w pa gen pou deklare taks sou revni nan Eta New York, ranpli e soumèt Fòm IT-214 la epi n ap ranbouse w montan kredi a. Si w oblije deklare taks, soumèt Fòm IT-214 la anvanm ak deklarasyon w lan.

Kijan pou m mande kredi pou ane ki pase deja yo?

Ou ka jwenn yon ranbousman pou ane ki pase deja si w mande kredi a anvan twazan fin pase apre dat ou ta dwe fè deklarasyon taks ou. Ranpli e soumèt Fòm IT-214 (pou ane a, oubyen pou ane yo ou te kalifye a).

Definisyon

Revni anvan taks ki antre lakay gen ladan eleman revni sa yo ke oumenm ak tout moun ki nan kay ou te touche pandan ane taks la:

- federal adjusted gross income (FAGI, Revni ajiste anvan taks federal), menmsi ou pa gen pou deklare taks federal;
- montan Eta New York ajoute sou FAGI;
- sipò an lajan, ki gen ladan lajan sipò pou fanmi dakèy;



- revni ou touche nan peyi etranje ki egzante dapre Internal Revenue Code (IRC) section 911 (seksyon 911 Kòd Revni Entèn);
- lajan supplemental security income (SSI, revni sekirite siplemantè) ki pa enkli nan FAGI;
- enterè yo pa ka pran taks sou yo ou touche nan Eta New York, ajans Eta a, branch yo, antrepriz piblik oswa sibdivizyon politik;
- konpansasyon travayè;
- montan anvan taks benefis asirans loss-of-time (asirans ou touche pou lè travay ou pèdi) (pa egzanp, akòz yon aksidan oubyen li soti nan asirans sante w, osnon benefis ou resevwa pou andikap dapre yon asirans machin no-fault (kèlkanswa moun ki antò a);
- cash public assistance and relief (asistans piblik lajan kach ak sekou) (li pa enkli montan ou resevwa nan Home Energy Assistance Program [HEAP, Pwogram Asistans Enèji pou Kay] oswa nan asistans medikal pou moun ki nan nesosite);
- dedomajman pou grèv, ke yo pa ka pran sou yo;
- montan anvan taks pou pension and annuity (pansyon ak rant), ki gen ladan benefis railroad retirement (benefis retrèt nan vwa fere), ki pa antre nan FAGI (Revni ajiste anvan taks federal);
- tout lajan ou resevwa dapre Social Security Act (Lwa Sekirite Sosyal) ak pansyon veteran andikape, mwens nenpòt peman Medicare yo retire nan benefis ou, ki rapòte sou Form SSA-1099, *Social Security Benefit Statement* (Fòm Deklarasyon Benefis Sekirite Sosyal).

Revni kay la anvan taks **pa** gen ladan:

- food stamps (koupon pou manje),
- benefis Medicare ak Medicaid,
- bousdetid ak grant (sibvansyon),
- manje anplis oswa lòt èd menm jan konsa,
- peman yo bay veteran dapre Veterans' Dioxin and Radiation Exposure Compensation Standards Act (Lwa federal sou prensip dedomajman veterans ki te ekspoze nan reyon oswa Dioxin),
- peman yo bay moun akòz sitiyasyon yo kòm viktim anba pèsekisyon Nazi jan sa defini nan Public Law 103-286 (Lwa Piblik 103-286).

Yon **rezidans** se yon kay ou posede oswa ou lwe nan Eta New York. Si rezidans la plis pase yon demi-ekta (1 acre) tè, pou jwenn kredi a ou ka itilize **sèlman** montan taks sou byen imobilye oswa lwaye ou peye ki aplike pou rezidans la ak **sèlman yon demi-ekta** toutotou li.

- Chak kay ki nan yon bilding ki gen plizyè kay, tankou pa egzanp yon bilding apatman, kapab konsidere kòm yon rezidans.
- Yon kondominyòm, yon bilding plizyè pwopriyetè, oswa yon inite lokasyon anndan yon sèl kay se yon rezidans.
- Yon trelè oswa kay mobil ki sèvi kòm rezidans sèlman se yon rezidans li ye tou si yo evalye trelè oswa kay mobil la pou taks sou byen imobilye, menmsi ou pa peye taks yo dirèkteman sou kay la (pou egzanp, mèt pak kote kay ou ye a peye taks yo sou li).

Taks sou byen imobilye ki peye vle di tout taks sou byen imobilye oumenm (oswa madanm/mari ou, si yo te viv nan kay la pandan omwen sis mwa) te peye sou kay la pandan ane fiskal la, tankou:



Paj 3 sou 3 Publication 3102-HAI (1/19)

- dènye taks yo, taks anvan ak taks ki peye davans sou byen imobilye;
- taks espesyal sou valè kay, ak kotizasyon ki enpoze.

Si ou se yon pwopriyete kay ki gen laj 65 ane oswa plis, ou ka chwazi pou mete taks sou byen imobilye ou ki gen egzanpsyon nan taks anba seksyon 467 Lwa sou Taks sou Byen Imobilye. Si ou pa konnen kantite lajan sa a, kontakte estimatè lokal ou. Pa mete egzanpsyon fiskal veteran oswa STAR.

Moun nan kay ou genyen ladan tout moun ki pataje rezidans ou, ki pataje mèb yo, enstalasyon ak lojman yo, keseswa moun sa yo ki nan kay la se fanmi w oswa yo pa gen ankenn rapò ak ou. Men, lokatè, soulokatè, moun ki lwe yon chanm oswa pansyonè, yo pa moun ki nan kay ou, sof si yo fanmi w.

Sa yo ajoute nan Eta New York

Men kèk nan sa ki pi komen yo ajoute nan Eta New York:

- enterè sou obligasyon federal ak sou lòt obligasyon leta;
- kotizasyon pou retrèt 414(h) anplwaye piblik;
- pwogram avantaj fleksib Vil New York;
- asirans sante Vil New York ak fon avantaj èd sosyal.

Pou yon lis konplè montan Eta New York vin ajoute yo, gade eksplikasyon pou Fòm IT-201 an.

Remak: Si kredi sa a piplis pase montan taks ou dwe, y ap ranbouse w diferans la si w te yon rezidan pandan yon ane okonplè.